

ABLE ADVOCATES
FOR BASIC LEGAL
EQUALITY, INC.

PREPARASYON FANMI OU POU APLIKASYON LWA IMIGRASYON

— Konnen Dwa Ou Yo —



immigration.ablelaw.org

TAB MATYÈ YO

AVAN YON OPERASYON KONTWÒL IMIGRASYON.. 2

DEVLOPE YON PLAN IJANS POU REPONN AK PWOTEKSYON FANMI OU!

KONNEN DWA OU YO..... 3

KISA POU W FÈ SI OU RANKONTRE AK LAPOLIS OSWA IMIGRASYON

ENFÒMASYON KONSÈNAN DETANSYON

IMIGRASYON YO..... 6

SI OU NAN DETANSYON IMIGRASYON..... 7

ANÈKS A 8

ÒGANIZASYON SAN BI LIKRATIF YO KI BAY SÈVIS LEGAL IMIGRASYON YO

APENDIS B..... 10

FÒM KI ENPÒTAN YO AK ENFÒMASYON PÈSONÈL

Pwokirasyon ki limite.....11

Nimewo telefòn yo ak enfòmasyon ki enpòtan 13

Dosye enpòtan yo pou fanmi 14

Dokiman medikal ak idantite 15

Kontak yo pou pwoblèm legal, vòl idantite ak fwod..... 17

Swen Ijans pou Bèt kay yo 18

APENDIS C..... 19

NIMEWO ENPÒTAN YO

Enfòmasyon pou Imigran ki an Detni Yo ak Repezantan Imigran nan Ohio 19

ICE Sistèm Lokalizasyon Anliy Pou Detni 19

Biwo Gouvènman o 19

Sant Detansyon yo 21

Sant Detansyon yo nan Ohio 22

AVAN YON OPERASYON KONTWÒL IMIGRASYON

DEVLOPE YON PLAN IJANS POU REPONN AK PWOTEKSYON FANMI OU!

Kenbe tout dokiman enpòtan w yo yon kote yo fasil pou jwenn.

Fè kopi dokiman w pou yon manm fanmi oswa yon zanmi pwòch ou kenbe yo nan ka ta gen yon ijans.

- Paspò
- Sètifika nesans
- Sètifika maryaj
- Tit sou pwopriyete yo
- Tout dokiman imigrasyon; dokiman ki gen nimewo "A" ou an

Pale ak yon avoka imigrasyon pou evalye sityasyon imigrasyon endividyèl ou.

- Toujou gen nimewo oswa kat yon founisè sèvis legal ki respekte oubyen avoka imigrasyon nan ka ijans. [Gade APENDIS A pou yon lis.](#)
- Lòt manm fanmi ou yo ta dwe genyen nimewo sa yo tou.

Fè yon plan ijans nan espas travay ou.

- Si ofisyè imigrasyon yo vini nan espas travay ou, mande kòlèg travay ou yo si yo vle rete an silans epi mande pou pale ak yon avoka anvan yo reponn nenpòt kesyon.
- Si espas travay ou gen yon sendika, pale ak reprezantan sendika a pou pi byen aprann kijan pou prepare nan ka yon operasyon.

Fè yon plan ijans pou pwoteje fanmi ou.

- Prepare yon fòm "Pwokirasyon ki Limite" pou asire bon swen pitit ou yo ak yon fanmi oswa yon bon zanmi an nan ka yo mete w nan detansyon.
 - » Sa enpòtan anpil, ak pou yon ijans, sa apral pèmèt yon bon zanmi oswa yon manm fanmi pran swen pitit ou yo olye yo mete yo nan sistèm swen adoptif la. [Gade ANÈKS B.](#)
- Jwenn yon paspò ki valab pou pitit ou yo.
 - » Si pitit ou a se yon sitwayen Etazini, jwenn yon paspò pou yo pi vit posib. Yo pral bezwen sa pou vwayaje kite peyi a.
 - » Si pitit ou a pa yon sitwayen Etazini, jwenn yon paspò nan peyi li te fèt la. Ou ka jwenn sa nan konsila peyi w la. [Gade ANÈKS C pou yon lis.](#)
- Anrejistre pitit ou a kòm yon sitwayen nan peyi akèy ou an nan konsila peyi sa a pou ou pa gen pwoblèm yon fwa ou rive nan peyi sa a.
 - » Pa egzanp, nan kèk peyi, timoun ki pa anrejistre pa ka ale lekòl. Tanpri tcheke avèk anbasad oswa konsila peyi w la ki pi pre a sou fason pou anrejistre nesans pitit ou yo nan peyi sa a.

KONNEN DWA OU YO

KISA POU W FÈ SI OU RANKONTRE AK LAPOLIS OSWA IMIGRASYON

Konsiderasyon Espesyal pou Moun ki pa Sitwayen:

- Ou gen bezwen pou prepare tèt ou nan ka yo arete w. Fè plan ak fanmi w. Memorize nimewo telefòn moun enpòtan pou kontakte, ki gen ladan yo avoka ou.
- Pa diskite sou sitiyasyon imigrasyon w ak okenn moun eksepte avoka w.
- Mande avoka ou efè yon kondanasyon kriminèl oswa yon pledwaye sou estati imigrasyon w. Si w nan prizon, yon ofisye imigrasyon ka vizite w. Pa reponn kesyon oswa siyen anyen anvan w pale ak yon avoka.
- Li tout papye yo avèk atansyon. Di ofisye a oswa ajan an si ou bezwen yon entèprèt. Pa siyen okenn dokiman ke ou pa konprann.

Dwa ou yo:

- Ou gen dwa pou rete an silans. Si ou vle egzèse dwa sa a, di sa byen fò epi rete an silans. **Sonje ke yo kapab itilize nenpòt bagay ou di kont ou.**
- Gen yon eksepsyon Ohio sou dwa ou pou rete an silans. Si polisye a gen rezon pou sispèk ke ou te komèt yon krim, oswa ou sou wout pou komèt yon krim, ou dwe divilge non w, adrès ou, ak dat nesans ou. Apre ou fin bay ofisye polis la enfòmasyon sa a ou pa oblije reponn ak okenn lòt kesyon.
- Ou gen dwa refize bay konsantman pou yon rechèch sou tèt ou, machin ou, oswa kay ou.
- Ou gen dwa pou polisye a trete w avèk respè.
- Si yo pa p arete w, ou gen dwa pou ale avèk kalm.
- Si yo arete w pou yon akizasyon kriminèl, ou gen dwa pou w genyen yon avoka. Mande pou youn imedyatman.
- Kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon w oswa sitwayènte w, ou gen dwa konstitisyonèl.

Responsablite ou yo:

- Rete kalm epi janti.
- Pa entèvni nan oswa bloke aktivite polisye yo. Respekte tout demann fizik ofisye a.
- Pa fè rezistans fizikman kont yon ofisye, menm si ou kwè yo ap trete ou mal.
- Pa bay manti oswa montre fo dokiman.
- Raple w detay yo pou rankont lan epi ekri yo pi vit ke posib.

Si Yo Kanpe ou Pandan W ap Kondwi

- Kanpe veyikil la nan yon kote ki sekirize pi vit ke posib. Mete men w sou volan an epi pa fè okenn mouvman jiskaske ofisye a rive nan fenèt ou a.
- Pa desann machin nan, pa eseye kouri, oswa fè okenn mouvman ki riske.
- Sou demann yo, montre polisye a lisans ou, anrejistreman, ak prèv asirans.
- Si yon ofisye oswa ajan imigrasyon mande pou gade andedan machin ou, ou ka refize bay konsantman pou rechèch la. Pou prezève kèk nan dwa yo, ou dwe endike klèman ke ou pa otorize yon rechèch.
- Polisye a ka "tape" rad ou si yo sispèk ou gen yon zam ki kache. Ou pa ta dwe fè rezistans fizikman, men ou dwe endike klèman ke ou pa ba yo pèmasyon pou fè yon rechèch konplè.
- Ni chofè yo ni pasaje yo gen dwa pou yo rete an silans. Si ou se yon pasaje, ou ka mande si ou lib pou ale. Si ofisye a di wi, chita an silans oswa ale avèk kalm. Menm si ofisye a di non, ou gen dwa pou w rete an silans.
- Pa fè rezistans ak arestasyon, menm si w kwè w inosan.
- Si ou jwenn yon kontravansyon, siyen li; si ou pa fè sa, yo ka arete ou. Ou ka toujou ale ak ka a devan tribinal yo apre sa.

Si Yo Ap Kesyone ou konsènan Estati Imigrasyon w.

- Sonje ke ou gen dwa pou rete an silans. Ou pa oblije diskite sou sitiyasyon imigrasyon ou oswa sitwayènte ou ak polisye a, ajan imigrasyon, oswa nenpòt lòt ofisye yo. Ou pa oblije reponn kesyon sou ki kote ou te fèt, si ou se yon sitwayen ameriken, oswa ki jan ou te antre nan peyi a.
- Lwa federal egzije pou moun ki pa sitwayen yo mache ak dokiman imigrasyon valab yo tout tan. Si yon ajan imigrasyon (Patwouy Fwontyè oubyen Aplikasyon Lwa Imigrasyon ak Dwàn (Border Patrol or Immigration and Customs Enforcement ("ICE"))) mande pou wè dokiman imigrasyon ou yo, se yon vyolasyon lwa federal pou pa prezante yo si ou gen papye imigrasyon ki valab yo.

Pa bay manti sou estati sitwayènte w oswa bay fo dokiman. Ekri tout bagay ou sonje, ki gen ladan yo badj ofisye yo ak nimewo machin patwouy, nan ki ajans ofisye yo soti, ak nenpòt lòt detay.

SONJE

Ou gen dwa pou rete an silans.

Pa di anyen konsènan estati imigrasyon oswa kote ou te fèt.

Si ou gen dokiman imigrasyon ki valab yo, montre yo.

Si Lapolis oswa Ofisye Imigrasyon yo Vini Lakay ou


Si Polisye yo oswa ofisye imigrasyon yo vini vakay ou a, **PA OUVRI PÒT LA**. Ou gen dwa refize yo antre sòf si yo gen yon manda espesifik. Mande ofisye a oswa ajan an glise manda a anba pòt la oswa kenbe li nan fenèt la pou w kapab enspekte li.

- Yon manda rechèch bay polisye dwa pou antre nan adrès ki parèt sou manda a, menm san pèmisyon, men ofisye yo ka sèlman fè rechèch nan espas la ak chèche atik ki nan lis yo a. Yon jij dwe siyen yon manda rechèch. Mande yon resi pou nenpòt bagay ofisye a pran nan kay ou.
- Yon manda arestasyon kriminel pèmèt polisye antre nan kay moun yo nonmen nan manda a si yo kwè moun nan andedan. Yon jij dwe siyen yon manda arestasyon kriminel.
- Yon manda pou retire/depòtasyon ("manda ICE") pa pèmèt ofisye yo antre nan yon kay san konsantman.

Menm si ofisye yo gen yon manda, ou gen dwa pou w rete an silans. Si w chwazi pale ak ofisye yo, soti deyò epi fèmen pòt la. Sepandan, nan kèk sitiyasyon ijans, polisye yo ka antre lakay ou epi chèche li san yon manda rechèch (pa egzanp, lè yon moun rele pou èd nan kay la oswa lè lapolis ap kouri dèyè yon moun).

Si Yo Arete w

- Mande pou w pale ak avoka w la oswa pou w fè yon apèl sou telefòn.
- Kontakte zanmi ou fè konfyans oswa manm fanmi ou ki konnen nimewo telefòn avoka ou a ak plan ijans ou a. Memorize nimewo telefòn kontak ou an.
- Kontakte konsila ou a. Ou gen dwa di ajan an pou enfòmè konsila a sou arestasyon w lan. Konsila a ka ede w jwenn yon avoka si w pa gen youn epi li ka ofri w pou kontakte fanmi w.



**Pa siyen anyen
ou pa konprann anvan
ou konsilte yon avoka!**

ENFÒMASYON KONSÈNAN DETANSYON IMIGRASYON YO

Kisa yon detansyon imigrasyon ye?

Lè yon ajans ki pa responsab aplikasyon lwa imigrasyon (tankou lapolis lokal) kenbe yon moun, epi yon ajans imigrasyon (tankou ICE oswa patwouy fwontyè) ap chèche arete ak depòte endividi sa a, ajans imigrasyon an ka bay yon "detansyon imigrasyon. Detni sa yo ka mande ajans ki pa responsab aplikasyon lwa imigrasyon 1) pou enfòmasyon ajans imigrasyon an dat liberasyon endividi an, oswa 2) pou ajans ki pa responsab aplikasyon lwa imigrasyon kenbe endividi sa a pou yon tan anplis apre dosye kriminel li a fini. Objektif kèlkeswa demann sa yo se pou pèmèt ajans imigrasyon an arete epi depòte endividi an.

Pandan konbyen tan gouvènman lokal la ka kenbe yon moun ak yon demann detansyon ICE?

Dapre règleman federal yo, yon moun ki detni sou demann detansyon imigrasyon pa ka rete plis pase 48 èdtan, san konte samdi, dimanch ak jou ferye. Peryòd 48 èdtan an kòmanse aprè lapolis lokal oswa eta a ta fin libere moun ki nan detansyon an pou nenpòt ofans ki egziste deja. Yo ka konteste lòd detansyon an si li pa sipòte pa yon kòz pwobab.

Kisa ki ap pase yon fwa 48 èdtan yo fin pase?

Paske yon detansyon ICE sèlman pèmèt pou kenbe yon moun pandan 48 èdtan ki plis pase sa lalwa lokal oswa eta pèmèt, si detansyon sa a gen kòm sipò yon kòz pwobab, moun ki detni an ta dwe libere imedyatman apre peryòd 48 èdtan an fini. Apre peryòd sa a, ou menm ak/oswa avoka ou ta dwe mande pou libere ou si yo pa libere ou otomatikman.

Kisa ki ap pase si penitansye an kontinye kenbe yon moun nan detansyon lè lòd la ekspire?

Si penitansye a pa gen otorite endepandan pou mete yon moun nan detansyon sou baz akizasyon kriminel, li ilegal pou yo kontinye kenbe moun sa a apre ke detansyon imigrasyon an ekspire. Kontakte yon avoka si sa rive.

OBLIGASYON KRIMINÈL YO

48 èdtan yo kòmanse apati lè endividi an peye obligasyon an pou yon akizasyon chaj kriminel ki egziste deja, oswa lè li soti nan detansyon eta a. Li posib ke ICE ka toujou vin pran endividi sa a apre yo fin peye obligasyon lokal/eta a, epi tan nan detansyon imigrasyon pa pral konte nan yon santans. Si sa posib, konsilte yon avoka pi vit ke posib apre yo fin mete w nan detansyon ou pou evalye si se yon bon estrateji pou peye kotizasyon lokal la. **Pa pran konsèy nan men grefye oswa anplwaye prizon sou pwoblèm sa a.**

SI OU NAN DETANSYON IMIGRASYON

Pandan w nan sant detansyon imigrasyon an, ou gen dwa pou:

- Trete ou avèk respè
- Jwenn yon manyèl pou detni
- Gen aksè ak yon avoka ak pwòp mwayen ou epi materyèl ou
- Gen aksè ak yon telefòn
- Vizit
- Kontakte konsila ou a
- Pa siyen deklarasyon oswa dokiman ke ou pa konpran
- Echanj alekri
- Rekreyasyon
- Fè pratik relijyon yo
- Genyen fon ak pwopriyete pèsònèl
- Swen Medikal

Si yo mete w nan pwosedi pou retire (depòtasyon) yo

- Ou gen dwa pou anboche yon avoka, men gouvènman an pa pral bay youn pou ou nan Tribinal Imigrasyon an. Si ou pa gen yon avoka, mande yon lis avoka gratis oswa sa ki gen pri ki ba.
- Sonje ke ou gen dwa pou rete an silans. Yo ka itilize sa ou di kont ou pi devan.
- PA siyen anyen ou pa konprann san ou pa pale ak yon avoka alavans. Di ajan an si ou bezwen yon entèprèt oswa si ou bezwen pou tradwi yon dokiman.
- Sonje nimewo etranje ou a ("nimewo A") epi bay fanmi ou li. Li pral ede manm fanmi yo lokalize ou.
- Kenbe tout dokiman yo ba ou yo yon kote ki sekirize.

Dwa yo nan Tribinal Imigrasyon

Si yo mete w nan pwosedi pou depòte w, epi yo pa te deja bay òdonans pou retire w, ou gen dwa pou prezante ka w la bay yon jij imigrasyon. Ou ka renonse a dwa w pou gen yon odyans si w siyen papye ki dakò pou yo retire w san yon odyans. Ou gen dwa tou pou:

- Yon avoka pou reprezante w nan odyans ou an, men gouvènman an pa responsab pou bay youn pou ou.
- Mande pou yon obligasyon.
- Gen yon entèprèt nan odyans ou yo si ou pa pale anglè.

ANÈKS A:

FOUNISÈ SÈVIS LEGAL IMIGRASYON SAN BI LIKRATIF YO

Lis Founisè Sèvis Legal Imigrasyon gratis ak pri ki ba nan Ohio

Li rekòmande pou w pale ak òganizasyon sa yo anvan ou gen pwoblèm ak otorite imigrasyon yo pou evalye sitiyasyon pèsònèl ou epi pou wè si gen rekou legal nan ka yo mete w nan detansyon.

Advocates for Basic Legal Equality, Inc.

130 W. Second St., Ste. 700
Dayton, OH 45402

525 Jefferson Ave., Ste. 300
Toledo, OH 43604

(800) 837-0814

immigration.ablelaw.org

Asian Services In Action, Inc. (ASIA)

3631 Perkins Ave. Ste. 2A-W
Cleveland, OH 44114

(216) 881-0330 ext. 214

370 East Market St.
Akron, OH 44304

(330) 535-3263

asiaohio.org

Building Hope in the City

5135 Triskett Rd.
Cleveland, OH 44111

(216) 241-9400

buildinghopeinthecity.org/refugees-immigrants

Catholic Charities Diocese of Cleveland (Òganizasyon Karitativ Dyosèz Katolik Cleveland)

*Migration & Refugee Services Immigration
Legal Services*

(Sèvis Migrasyon ak Refijye)

(Sèvis Legal Imigrasyon)

7800 Detroit Ave.
Cleveland, OH 44102

(216) 939-3769

ccdacle.org/programs/immigration-legal-services

Catholic Charities Southwestern Ohio

7162 Reading Rd. Ste. 700
Cincinnati, OH 45237

448 E. High St.
Springfield, OH 45505

(513) 672-3746

ccswoh.org

Centro San Jose El Trabajador (Pwojè Travayè Imigran)

701 Walnut Ave. NE
Canton, OH 44702

(330) 454-2220

iwpohio.org

Community Legal Aid (Èd Jiridik Kominotè)

25 E. Boardman St. Suite 520
Youngstown, OH 44503

50 South Main St. Suite 800
Akron, OH 44308

401 Market Avenue N. Suite 103
Canton, OH 44702

160 E Market St. Suite 225
Warren, OH 44481

(800) 998-9454

communitylegalaid.org

Community Refugee and Immigration Services (Sèvis Refijye Kominotè ak Imigrasyon)

4645 Executive Dr.
Columbus, OH, 43220

(614) 235-5747

crisohio.org

Cristo Rey Center

Biwo Prensipal
716 Columbus Ave.
Fostoria, OH 44830

(440) 316-2618

Fremont Extension Office
105 North Stone St.
Fremont, OH 43420

(419) 619-3625

Immigrant & Refugee Law Center (Sant Dwa pou Imigran ak Refijye)

3724 St. Lawrence Ave.
Cincinnati, OH 45205

(513) 828-0577

irlawcenter.org/our-clients-services

International Institute of Akron

530 South Main St. Suite 1762,
Akron, OH 44311

(330) 376-5106 ext. 102

iiakron.org

International Welcome Center

5781 Manchester Rd.
New Franklin, OH 44319

(330) 882-4916

theiwc.org/immigration-legal-services-client-resources/

Sosyete Èd Jiridik Cleveland

1223 W. 6th St.
Cleveland, OH 44113

(888) 817-3777

lasclew.org/apply-for-free-legal-aid/

**Èd Jiridik Sidès ak Sant Ohio
(Legal Aid of Southeast and Central Ohio)**

1108 City Park Ave. Suite 100
Columbus, Ohio 43206

(888) 246-4420

lasco.org

Legal Aid Society of Southwest Ohio

215 E. 9th St. Ste. 500
Cincinnati, OH 45202

10 Journal Square, Ste. 300
Hamilton, OH 45011

(513) 241-9400

lasswo.org

**Logistic Assistance for Migrant People
(Asistans Lojistik pou Moun ki Imigran)**

300 Short Buehrer Rd.
Archbold, OH 43502

1120 Horace St.
Toledo, OH 43606

(419) 445-0728

lampohio.org/services.php

**Sèvis Sosyal pou Kominote Arab la
(Social Services for the Arab Community (SSFAC))**

3110 Tremainsville Rd.
Toledo, OH 43613

(419) 902-7732

toledolovesyou.org/department-and-services-3

**U.S. Committee for Refugees and Immigrants
(Komite pou Refijye ak Imigran Ameriken yo),
USCRI Cleveland Extension Office**

3167 Fulton Rd. Suite 106
Cleveland, OH 44109

(216) 250-1574

refugees.org/legal-services

US Together, Inc.

2800 Euclid Ave. Suite 200
Cleveland, OH 44115

(216) 456-9630

1415 E. Dublin-Granville Rd. Suite 100

Columbus, OH 43229

(614) 437-9941

3450 W. Central Ave., Suite 118
Toledo, OH 43606

(419) 469-2529

ustogether.us

Vineyard Community Center

Immigration Counseling Services

6000 Cooper Rd.
Westerville, OH 43081

(614) 259-5322

vineyardcommunitycenter.org



Pou plis enfòmasyon sou òganizasyon ak sèvis sa yo, tanpri vizite sit entènèt yo a oswa immigrationadvocates.org/legaldirectory pou lis konplè Sèvis Legal Nasyonal pou Imigrasyon an.



Vizite Asosyasyon Avoka Imigrasyon Ameriken yo (AILA) sou ailalawyer.com pou jwenn yon avoka imigrasyon.

ANÈKS B: FÒMILÈ ENPÒTAN YO

PWOKIRASYON KI LIMITE

ENSTRIKSYON YO“Paran an oswa gadyen legal la (Direktè a) ta dwe ranpli fòmilè ki nan paj 11-12 pou bay yon tyès pati (Ajan) yon pwokirasyon jeneral pou pran majorite desizyon yo epi fè majorite bagay yon paran ta fè pou pitit li.

1. Paran an oswa paran ki gen gad legal yo oswa gadyen legal la ta dwe siyen fòmilè a. Toude paran yo ta dwe siyen si timoun nan ap viv ak toude paran yo.
2. Yo ta dwe ranpli yon lòt fòmilè Pwokirasyon Ki Limite pou chak timoun nan fanmi an.
3. Fòmilè Pwokirasyon Ki Limite a se sèlman yon solisyon akoutèm pou yon paran oswa paran yo lè gouvènman an arete yo epi mete yo nan detansyon. Ajan an apral bezwen konsilte yon avoka konsènan gad timoun lan si yo mete nan detansyon paran oswa gadyen legal timoun nan.
- 4. Yo ka pa onore oswa rekonèt fòmilè sa a, ni tout moun, ni òganizasyon gouvènmantal yo, ni biznis yo.**
5. Akòz difikilte pou vwayaje nan yon lòt peyi ak timoun nan, paran yo ka vle siyen yon Pwokirasyon Ki Limite pou fè lòt paran an vin Ajan an, epi tou siyen yon lòt Pwokirasyon Ki Limite pou yon manm fanmi yo fè konfyans oswa yon zanmi vin yon Ajan.
6. Paran an oswa paran yo dwe siyen fòmilè a devan yon notè piblik. Si ou pa t siyen Fòmilè Pwokirasyon ki Limite a anvan yo te arete w oswa yo mete w nan detansyon, ou ka mande anplwaye prizon yo pou ede w jwenn yon notè nan prizon an. Chak bank gen yon notè piblik. Ou pa ta dwe peye yon frè ki wo.
7. Si ou siyen fòmilè Pwokirasyon ki Limite alavans, ou pral oblije re-enskri li si ou mete yon dat ekspirasyon sou li.
8. Ou ta dwe fè kopi fòmilè sa a yon fwa yo siyen li. Sèvi ak kopi yo chak fwa sa posib pou pwoteje orijinal la.

PWOKIRASYON KI LIMITE POU SWEN TIMOUN AK SWEN MEDIKAL, AKSÈ AK DOSYE EDIKASYONÈL, AK OTORITE POU PRAN DESIZYON EDIKASYONÈL YO.

Delegatè / Paran

Non: _____

Dat Nesans: _____

Tip Idantifikasyon: _____

Nimewo Idantifikasyon: _____

Delegatè / Paran

Non: _____

Dat Nesans: _____

Tip Idantifikasyon: _____

Nimewo Idantifikasyon: _____

Timoun

Non: _____

Dat: _____

SSN: _____

Nimewo Paspò: _____

Ajan

Non: _____

Dat Nesans: _____

Adrès: _____

Mwen/Nou, _____ ak _____,

ki abite aktyèlman nan _____, kòm paran(yo)/gadyen(yo) _____,

ap refere kòm **timoun lan**, delege a _____,

yo ap refere kòm **Ajan mwen/nou an**, otorite pou aji nan plas mwen/nou ak pou mwen/nou konsènan chak pouvwa sa yo dapre Chapit 1337 Kòd Revize Ohio a:

1. Pou bay konsantman pou nenpòt tretman medikal ki nesèsè, operasyon, medikaman, terapi, entènè lopital oswa lòt swen yo pou timoun nan.
2. Anplwaye, kenbe oswa egzeyate nenpòt moun ki ka pran swen, konseye, trete oswa nan nenpòt fason pou asiste timoun nan;
3. Pou resevwa Enfòmasyon Sante Pwoteje Selon Lwa sou Transparans ak Responsablite Asirans Sante (HIPAA) sou pitit mwen/nou an, ki gen ladan divilgasyon dosye medikal;
4. Pou jwenn kopi dosye edikatif pitit mwen/nou an kenbe nenpòt dosye edikatif pitit mwen/nou an. Mwen/Nou renonse ak retire tout restriksyon lalwa mete sou enstitisyon edikatif yo pou divilge oswa pataje nenpòt dosye edikatif, ki gen ladan yo men pa limite a Lwa sou Dwa Edikasyon Fanmi ak Konfidansyalite 20 U.S.C. 1232g ak Kòd Seksyon Ohio ki revize 3319.321;
5. Pou patisipe nan nenpòt desizyon edikatif konsènan pitit mwen/nou an, menm jan ak si ajan deziyen an nan dokiman sa a te yon paran oswa gadyen timoun nan. Mwen/Nou renonse ak retire tout restriksyon lalwa mete sou enstitisyon edikatif yo pou detèmine kiyès ki ka pran desizyon edikatif pou pitit mwen/nou an, ki gen ladan men pa limite a Lwa sou Dwa Edikasyon Fanmi ak Konfidansyalite 20 U.S.C. 1232g ak Kòd Seksyon Ohio ki revize 3319;
6. Pou depoze oswa ale chèche pitit mwen/nou an lekòl oswa apwouve deplasman ki fè pati edikasyon piti mwen/ nou an. Mwen/Nou renonse ak retire tout restriksyon lalwa mete sou enstitisyon edikatif yo pou detèmine kiyès ki ka al chèche oswa depoze pitit mwen/nou an lekòl, oswa apwouve deplasman pou aktivite edikatif yo;

7. Pou egzèse menm dwa parantal yo ke mwen/nou ka egzèse konsènan swen, gad ak kontwòl timoun nan, ansanm ak transparans pou egzèse menm dwa sa yo nan kay Ajan mwen/nou an oswa nenpòt lòt kote Ajan mwen/nou chwazi nan transparans li;
8. Pou otorize ak bay konsantman pou vwayaje ak timoun pou rantre ak soti nan Etazini nan Amerik, ak nan _____; ak,
9. Pou fè tout lòt aksyon ki nesèsè oswa okazyonèl nan egzekisyon pouvwa yo ki nan lis la.

Mwen/Nou pwopoze tou pou Tribinal Minè yo deziyen Ajan mwen/nou an kòm gadyen legal

Nenpòt aksyon legal Ajan mwen/nou an fè ap angaje mwen/nou, eritye mwen/nou yo, benefisyè mwen/nou yo, reprezantan pèsònèl mwen/nou yo ak moun mwen/nou delege yo. Mwen/Nou rezève dwa pou amande oswa revoke Pwokirasyon Limite sa a nenpòt ki lè apre sa; men, nenpòt enstitisyon oswa lòt pati ki fè fas ak ajan mwen/nou an ka konte sou Pwokirasyon Limite sa a jiskaske yo resevwa yon kopi ofisyèl pou revokasyon mwen/nou an.

Nenpòt repwodiksyon kopi orijinal ki siyen an ap konsidere kòm yon kopi orijinal ekivalan pou Pwokirasyon Ki Limite sa a. Pwokirasyon Limite sa a pap afekte pa okenn enkapasite legal pandan tout lavi mwen/nou, eksepte jan lalwa prevwa l.

Mwen/Nou mande kategorikman pou yo pa egzije yon obligasyon nan men Ajan yo deziyen kòm gadyen an.

Pwokirasyon Limite sa a ap rete an vigè apati dat siyati a epi li pral kanpe lè gen yon revokasyon alekri ki fèt apre oswa nan _____, nenpòt ki va rive an premye a.

Dat: _____

Siyati(Yo): _____

Eta Ohio

KONTE NAN _____)

Nan _____ jou sa a _____, 20____ devan mwen menm, yon Notè Piblik nan ak pou Konteak Eta, te vini an pèsòn _____ epi li rekonèt siyati dokiman ki anwo a, epi li deklare ke se pwòp volonte li ak desizyon pou siyen. Kòm temwayaj, mwen siyen non mwen la epi mwen mete so notè mwen an nan dat ak ane ki mansyone anwo a.

Notè Piblik

Komisyon mwen an ekspire: _____

(SO)

NIMEWO KI ENPÒTAN YO AK ENFÒMASYON

NAN KA IJANS, RELE 911

Lapolis:

Ponpye:

Konsila peyi mwen:

FANMI/KONTAK KI ENPÒTAN YO NAN ETAZINI

Non:

Telefòn:

Selilè:

Travay:

Relasyon:

Non:

Telefòn:

Selilè:

Travay:

Relasyon:

FANMI/ KONTAK ENPÒTAN YO NAN PEYI LAKAY MWEN

Non:

Telefòn:

Selilè:

Travay:

Relasyon:

Non:

Telefòn:

Selilè:

Travay:

Relasyon:

ENFÒMASYON ASIRANS

Asirans Sante

Konpayi:

Telefòn:

Nimewo Prim:

Asirans Machin

Konpayi:

Telefòn:

Nimewo Prim:

Machin 1:

Nimewo VIN/Nimewo Plak:

Machin 2:

Nimewo VIN/Nimewo Plak:

Asirans Kay

Konpayi:

Telefòn:

Nimewo Prim:

ENFÒMASYON MEDIKAL

Doktè:

Telefòn:

Dantis:

Telefòn:

Pedyat:

Telefòn:

Lopital:

Telefòn:

Famasi:

Telefòn:

DOSYE ENPÒTAN POU FANMI

Sèvi ak fòmilè sa a pou kenbe tout enfòmasyon enpòtan yo nan yon sèl kote. Mete orijinal chak dokiman nan yon kote ki sekirite (pa egzanp, yon bwat fèmèn)

NIMEWO TELEFÒN TRAVAY YO

Anplwaye nimewo 1

Non:

Telefòn:

Slpèvizè:

Dat Kòmansman:

Reprezantan Sendika:

Telefòn:

Anplwaye nimewo 2

Non:

Telefòn:

Slpèvizè:

Dat Kòmansman:

Reprezantan Sendika:

Telefòn:

ENFÒMASYON SOU VEYIKIL OU YO

Veyikil 1 Mak/Modèl:

Nimewo Plak:

VIN/Nimewo Idantifikasyon:

Machin ki sou prè:

Asirans:

Veyikil 2 Mak/Modèl:

Nimewo Plak:

VIN/Nimewo Idantifikasyon:

Machin ki sou prè:

Asirans:

Tanpri mete yon kopi anrejistremman ak asirans chak veyikil yo ak foto veyikil yo.

NIMEWO LEKÒL/GADRI YO

Lekòl Nimewo 1

Non lekòl:

Nimewo idantifikasyon lekòl:

Telefòn:

Non timoun:

Non pwofesè:

Non timoun:

Non pwofesè:

Lekòl Nimewo 2

Non lekòl:

Nimewo idantifikasyon lekòl:

Telefòn:

Non timoun:

Non pwofesè:

Non timoun:

Non pwofesè:

NIMEWO SEKIRITE SOSYAL/ITIN

Non:

Nimewo:

Non:

Nimewo:

Non:

Nimewo:

Non:

Nimewo:

Mete yon kopi chak kat sekirite sosyal.

ENFÒMASYON MEDIKAL AK IDANTIFIKASYON FANMI

Mete yon kopi sètifika nesans, vaksinasyon, ak foto chak manm fanmi.

MANM FANMI NIMEWO 1

Non:

Dat Nesans:

Donatè Ògàn: Wi Non

Alèji yo:

Medikaman yo:

Maladi Aktyèl Ak Maladi Pase Yo:

MANM FANMI NIMEWO 2

Non:

Dat Nesans:

Donatè Ògàn: Wi Non

Alèji yo:

Medikaman yo:

Maladi Aktyèl Ak Maladi Pase Yo:

MANM FANMI NIMEWO 3

Non:

Dat Nesans:

Donatè Ògàn: Wi Non

Alèji yo:

Medikaman yo:

Maladi Aktyèl Ak Maladi Pase Yo:

MANM FANMI NIMEWO 4

Non:

Dat Nesans:

Donatè Ògàn: Wi Non

Alèji yo:

Medikaman yo:

Maladi Aktyèl Ak Maladi Pase Yo:

MANM FANMI NIMEWO 5

Non:

Dat Nesans:

Donatè Ògàn: Wi Non

Alèji yo:

Medikaman yo:

Maladi Aktyèl Ak Maladi Pase Yo:

MANM FANMI NIMEWO 6

Non:

Dat Nesans:

Donatè Ògàn: Wi Non

Alèji yo:

Medikaman yo:

Maladi Aktyèl Ak Maladi Pase Yo:

MANM FANMI NIMEWO 7

Non:

Dat Nesans:

Donatè Ògàn: Wi Non

Alèji yo:

Medikaman yo:

Maladi Aktyèl Ak Maladi Pase Yo:

MOUN KI KA VIN CHÈCHE TIMOUN MWEN YO NAN LEKÒL/GADRI

Non:

Non:

Dat Nesans:

Dat Nesans:

Nimewo nan kay:

Nimewo nan kay:

Telefòn selilè:

Telefòn selilè:

Relasyon:

Relasyon:

MOUN KI PA KAPAB VIN CHÈCHE TIMOUN MWEN YO NAN LEKÒL/GADRI

Non:

Tanpri enfòmè pèsònèl lekòl timoun ou yo ke moun ki parèt nan seksyon sa yo gen pèmisyon pou vin chèche timoun ou yo oswa yo pa gen pèmisyon.

Non:

***Si gen yon òdonans restriksyon, mete yon kopi òdonans lan epi depoze yon lòt kopi nan lekòl ak/oswa gadri timoun ou yo.

Non:

KONTAK POU PWOBLÈM LEGAL, VÒL IDANTITE, AK FWOD YO

Pou sekirite pa w PA ekri nimewo kat kredi w oswa nimewo kont ou sou dokiman sa a.

KONPAYI KAT KREDI YO

Kat nimewo 1

Konpayi:

Nimewo San Frè Apèl:

Non yo ki sou Kat:

Kat nimewo 2

Konpayi:

Nimewo San Frè Apèl:

Non yo ki sou Kat:

Kat nimewo 3

Konpayi:

Nimewo San Frè Apèl:

Non yo ki sou Kat:

Rapòte vòl kat kredi yo IMEDYATMAN!

ASISTAN CIVIL LEGAL

Èd Legal:

Avoka Imigrasyon:

Lòt Avoka:

KONTAK POU AFÈ FINANSYE YO

Kont kouran nimewo 1

Bank:

Nimewo San Frè Apèl:

Moun ki gen Aksè Yo:

Kont kouran nimewo 2

Bank:

Nimewo San Frè Apèl:

Moun ki gen Aksè Yo:

Kont Epay Nimewo 1

Bank:

Nimewo San Frè Apèl:

Moun ki gen Aksè Yo:

Kont Epay Nimewo 2

Bank:

Nimewo San Frè Apèl:

Moun ki gen Aksè Yo:

KONTAK AJANS PIBLIK YO

Èd pou Vyolans Domestik:

Pwosekitè Piblik:

Rapòte Abi Sou Timoun:

SWEN IJANS POU BÈT KAY

BÈT KAY NIMEWO 1

Non:

Dat Nesans:

Ras:

Deskripsyon:

Nimewo anrejistreman:

Medikaman yo:

Pwoblèm Medikal yo:

BÈT KAY NIMEWO 2

Non:

Dat Nesans:

Ras:

Deskripsyon:

Nimewo anrejistreman:

Medikaman yo:

Pwoblèm Medikal yo:

VETERINÈ

Non:

Telefòn:

Adrès:

Telefòn Ijans:

LOJMAN IJANS POU BÈT KAY

Non:

Telefòn:

Adrès:

Mete yon foto chak bèt kay yo.

ANÈKS C: NIMEWO ENPÒTAN YO

ENFÒMASYON POU IMIGRAN NAN DETANSYON YO AK REPREZANTAN IMIGRAN YO NAN OHIO



SISTÈM ANLIY LOKALIZASYON DETNI ICE:

<https://locator.ice.gov/odls/homePage.do>

Itilize paj sa a pou lokalize yon moun ki nan detansyon ICE aktyèlman, oswa ki te libere nan detansyon ICE pou nenpòt ki rezon nan 60 dènye jou yo. Ou dwe antre "nimewo etranje" moun nan (yo rele tou "nimewo A") ak peyi nesans li. Si ou pa konnen nimewo A moun nan, ou ka fè rechèch tou avèk non ak siyati li, peyi nesans li, ak dat nesans li. Rechèch ki fèt avèk non an ap sèlman gen rezilta ki koresponn egzakteman nan sistèm nan, kidonk ou ka oblije eseye plizyè konbinezon nan non moun nan (sèvi avèk yon tirè, mete sèlman yon siyati, elatriye).

NÒT: Sistèm Anliy Lokalizasyon Detni an pa ka fè rechèch pou dosye moun ki poko gen 18 an.

BIWO GOUVÈNMANTAL YO:

Aplikasyon Lwa Imigrasyon ak Dwàn (Immigration and Customs Enforcement (ICE))

Cleveland

925 Keynote Circle
Brooklyn Heights, OH 44131
(216) 749-9200

Columbus

675 Brooksedge Boulevard
Westerville, OH 43081
(614) 948-4100

Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (United States Citizenship and Immigration Services (USCIS)):

USCIS Liy Sèvis Kliyan Nasyonal: 1 (800) 375-5283

Cincinnati Field Office

550 Main Street, Room 4001
Cincinnati, OH 45202

Columbus Field Office

395 E. Broad St. Suite 100
Columbus, OH 43215

Cleveland Field Office

1240 East 9th Street, Room 501
Cleveland, OH 44199

(800) 375-5283

Biwo Egzekitif Pou Egzamen Imigrasyon (Executive Office for Immigration Review (EOIR)):

Cleveland Immigration Court

801 W. Superior Ave, Suite 13 - 100

Cleveland, OH 44113

(216) 802-1100

Liy Otomatik pou Enfòmasyon Sou Dosye

Enfòmasyon sou estati dosye pou moun ki nan pwosesis pou depòtasyon yo disponib 24/7.

Nimewo etranje (Nimewo A) nesèsè pou jwenn enfòmasyon, men nenpòt moun ka rele.

1 (800) 898-7180

Sit Entènèt Otomatik pou Enfòmasyon Sou Dosye



Anglè: acis.eoir.justice.gov/en/



Espanyòl: acis.eoir.justice.gov/es/

Pwoteksyon Dwàn ak Fwontyè Ameriken (U.S. Customs and Border Protection (CBP)):

Sandusky Bay Station

709 SE Catawba Rd.

Port Clinton, OH 43452

(419) 732-4400

Erie Station

7851 Traut Drive

Fairview, PA 16415

(814) 474-4700

SANT DETANSYON YO:



Lokalizasyon Anliy Sant Detansyon: www.ice.gov/detention-facilities

Enfòmasyon jeneral

Detni yo pa ka resevwa apèl antran yo. Si ou bezwen kontakte yon moun ki nan detansyon pou kite yon mesaj ijan, ou dwe rele nimewo sant lan epi kite non konplè moun ki nan detansyon an, nimewo anrejisteman etranje li, ak non w ak nimewo telefòn ou kote yo ka kontakte w. Detni an ap resevwa mesaj ou a.

Vizit: Pou asire ke gen ase tan pou trete vizitè yo atravè sekirite, tout vizitè yo dwe rive 45 minit anvan lè vizit la planifye a. Vizitè yo dwe prezante yon kat idantite ki valab epi verifyab ke gouvènman ameriken an bay pou antre nan sant lan. Minè ki vizite sant lan dwe akonpaye ak yon gadyen adiilt (18 an oswa plis). Yo pa dwe kite minè yo san akonpayman nan sal datant lan, sal vizit oswa nenpòt lòt zòn.

Voye lajan: Kontakte sant detansyon an pou pwosedi sou fason yo voye lajan. Si detni yo resevwa fon pa lapòs, y ap mennen yo nan zòn pwosesis la pou yo mete lajan sou kont yo. Ofisye ki fè pwosesis la pral bay yon resi pou tout fon yo resevwa yo. Pa voye lajan kach pa lapòs.

Kòman yo Depoze yon Obligasyon Imigrasyon

Yo depoze Obligasyon sa yo lè yon moun nan pwosedi pou depòte pandan li Etazini. Moun ki bay lajan obligasyon an dwe montre prèv idantite ak estati imigrasyon legal. Moun sa a (debitè) responsab pou asire ke etranje a prezante tèt li devan yon ofisye oswa ajan ajans sa a nenpòt lè yo fè yon demann. Pou enfòmasyon sou obligasyon, tanpri rele nimewo enfòmasyon sou obligasyon pou sant detansyon an epi mande pou pale ak Ofisye Depòtasyon ki responsab ka a. Ou dwe gen siyati detni an ak nimewo anrejisteman etranje a anvan ou rele.

Pou depoze yon obligasyon imigrasyon pou yon etranje ICE mete nan detansyon, ou dwe depoze obligasyon an nan Biwo ERO/ICE Cleveland oswa Columbus (selon kote a), lendi jiska vandredi (eksepte jou ferye piblik yo) ant 9è nan maten ak 3è nan apremidi. Fòm pèman obligasyon ki aksepte yo se transfè lajan, chèk ki sètifye oswa chèk kesye. Yo dwe fè pèman an bay “U.S. Department of Homeland Security (Depatman Sekirite Nasyonal Ameriken).”



Yo ka poste Obligasyon yo tou anliy sou:
www.ice.gov/detain/detention-management/bonds



Nou rekòmande pou itilize yon Gid Anliy pou Peye yon Obligasyon Imigrasyon Sèvi avèk CeBONDS ki sòti nan Community Justice Exchange pou asistans ak sa:
www.communityjusticeexchange.org/en/resources-all/cebondsguide

Pou plis kesyon sou obligasyon, tanpri kontakte Sant Jesyon Dèt la:

Debt Management Center (Sant Jesyon Dèt)

Atensyon: Bond Unit

P.O. Box 5000, Williston, VT 05495-5000

Telefòn: (802) 288-7600 | Faks: (802) 288-1226



Lis tout Sant Akseptasyon Obligasyon ICE/ERO ki Etazini yo:

<https://www.ice.gov/ice-ero-bond-acceptance-facilities>

SANT DETANSYON YO NAN OHIO*:

*Lis sa a an vigè apati janvyè 2025. Tcheke lyen Sant Akseptasyon Obligasyon ICE/ERO anwo a pou jwenn enfòmasyon ki ajou sou sant detansyon yo.

Geauga County Safety Center (Sant Sekirite Konte Geauga)

12450 Merritt Rd.; Chardon, OH 44024
(440) 279-2009

Pakin: Pakin nan sitiye devan edifis la.

Operasyon Egzekisyon ak Ranvwa
(Enforcement and Removal Operations (ERO/ICE)):
Biwo Deyò: (313) 568-6049

Enfòmasyon sou Obligasyon: (216) 535-0372

Vizit yo:

Yo pral afiche orè yo nan chak inite lojman ak nan koulwa a. Orè yo disponib tou sou sit entènèt Depatman Sheriff Konte Geauga.

Yo pèmèt detni yo gen 60 minit vizit pa semèn, ki divize an peryòd 30 minit.

Seneca County Jail (Prizon Konte Seneca)

3040 South State Rte. 100; Tiffin, OH 44883
(419) 448-5074

Pakin: Pakin nan sitiye devan edifis lan.

Operasyon Egzekisyon ak Ranvwa
(Enforcement and Removal Operations (ERO/ICE)):
Biwo Deyò: (313) 568-6049

Enfòmasyon sou Obligasyon: (216) 535-0372

Vizit yo:

Dimanch yo:

Gason yo: 8:00-10:00AM, 12:30-4:00PM, 5:30-7:30PM

Fi yo: 10:00-11:00AM, 7:30-8:30PM

ANBASAD AK KONSILA YO:

Selon peyi lakay ou, anbasad ou oswa konsila ou ka kapab ba ou sèvis, konsèy, oswa dokiman enpòtan pou ede w nan defans ou kont depòtasyon epi asire pwosesis legal la.

Enfòmasyon Kontak pou Anbasad ak Konsila Etranje yo:

travel.state.gov/content/travel/en/consularnotification/ConsularNotificationandAccess.html



ABLE

ADVOCATES
FOR BASIC LEGAL
EQUALITY, INC.

Advocates for Basic Legal Equality, Inc. (Defansè Egalite Jiridik Fondamantal (ABLE)) se yon kabinè avoka dwa sivil nan bi ki pa likratif ki sitiye nan nòdwès ak santral lwès Ohio. Misyon ABLE se pou pouswiv jistis ak ekite, fasilite aksè nan opòtinite pou moun ki gen ti revni atravè reprezantasyon legal pasyone, epi bay defans konsistan pou refòm sistematik.



immigration.ablelaw.org

130 W. Second St., Ste. 700 East
Dayton, OH 45402

(937) 228-8104 | (800) 837-0814

FAX: (937) 535-4600

TTY: (888) 545-9497



ablelaw.org

525 Jefferson Ave., Ste. 300
Toledo, OH 43604

(419) 255-0814 | (800) 837-0814

FAX: (419) 259-2880

TTY: (888) 545-9497



[/ABLELawInc](https://www.facebook.com/ABLELawInc)



[linkedin.ablelaw.org](https://www.linkedin.com/company/ablelaw)

1105 Ralston Ave., Ste. A
Defiance, OH 43512

(800) 837-0814

FAX: (419) 782-5830

TTY: (888) 545-9497



[@ablelawinc](https://www.instagram.com/ablelawinc)

Aplike pou èd legal gratis atravè Liy Èd Legal la:



[LegalAidLine.org](https://www.LegalAidLine.org)



Rele: (419) 930-2555



WhatsApp oswa mesaj tèks:
(419) 469-7161